

KI SA LI VLE DI POU GENYEN YON LEKOL KI ENTEGRE TOUT MOUN

Ki sa ki se yon lekòl ki Entegre Tout Moun?

Entegrasyon se yon dwa sivil pou **tout** elèv ki gen andikap yo. Li pèmèt yo rete avèk kamarad klas yo pou enstriksyon avèk aprantisaj, avèk sipò pou defi yo.

Depatman Edikasyon Eta Florida la ranmase done sou Anviwònman ki gen mwens Restriksyon (Least Restrictive Environment,LRE) ki rapòte pousantaj tan elèv andikape yo te pase avèk kamarad ki pa gen andikap yo. Done Leta avèk Distri LRE (avèk lòt enfòmasyon sou elèv ki gen andikap) ki disponib chak ane nan Pwofil Ajans Edikasyon Lokal ak Nasional (Local Education Agency,LEA), jwenn nan <http://www.fl DOE.org/academics/exceptional-student-edu/data/>. Done lekòl LRE lan disponib nan distri lekòl ou a oswa nan lekòl pitit ou a. Tankou yon règ gwo pouz lan, pousantaj LRE ki pi wo nan anviwònman regilye klas la, plis yon lekòl kapab akeyan. Li toujou yon bon lide pou poze kesyon!

**Gade andedan pou plis siy
entegrasyon...**



Kòm yon Klase Lekòl Pitit ou nan Pratik Entegrasyon ki Efikas?

Depi 2013, Lwa Florida yo egzije chak lekòl avèk distri pou yo fè yon pwosesis oto-evalyasyon pou Pi bon Pratik Entegrasyon nan Edikasyon (Best Practices for Inclusive Education,(BPIE) omwen yon fwa chak twa (3) zan. Lekòl BPIE an gen ladan 34 endikatè pratik entegran ki baze sou rechèch ki vize kamarad klas yo, literati aktyèl, avèk pi bon pratik nan alantou Florida epi nan lemond antye. Ekip lekòl yo, ki gen ladan divès pati prenant (tankou paran yo), evalye tèt yo sou nivo aplikasyon nan endikatè sa yo, epi chwazi priyorite pou aktivite ki sible yo, ki ta dwe entegre nan planifikasyon pou efò amelyorasyon kout epi alontèm yo.

Lidè lekòl yo konnen gen yon latrìye varyab ki afekte rezulta elèv yo. Yo menm tou yo konnen vrèchanzman pran tan. Pwosesis BPIE a fèt pou jwenn rezulta devlopman objektif ki amelyore rezulta elèv yo alontèm. Administratè lekòl ou a kapab pataje avèk ou rezulta avèk priyorite BPIE lekòl ki pi resan an, avèk aktivite espesifik lekòl la te planifye pou amelyorasyon ki konsantre aprè yon tan.

Plè ou pase tan nan lekòl pitit ou a, pale avèk moun ki travay la, epi obsève kijan elèv yo kominike, sa se bon fason yo idantifye pratik entegrasyon yo epi pataje opinyon ou sou edikasyon ki entegre moun.

Pou plis enfòmasyon sou lekòl BPIE a avèk distri an, tanpri vizite www.FloridaInclusionNetwork.com.

Vizite yon Lekòl Entegran

Paran DeShawn Griffin yo enkyè. Ane lekòl la prèske pase epi DeShawn ap kite Central Middle School. DeShawn se yon jenn gason aktif ki renmen bay blag epi li gen anpil zanmi. Li gen yon andikap pou li aprann epi li te lite pandan peryòd etid la.

Chanjman lekòl segondè mennen anpil kesyon pou fanmi Griffins: Èske I ap toujou kapab rete nan klas edikasyon regilye yo oswa èske li pral nan klas edikasyon espesyal yo? Èske li kapab jwenn èd li bezwen yo pou pase evalyasyon leta avèk egzamen pou li antre nan inivèsite? Èske I ap kapab kenbe konfyans sosyal li genyen? Fanmi Griffins konnen lavni DeShawn depann sou sa k ap pase nan lekòl la nan pwochen kat ane yo.

Fanmi Griffins deside ale nan West High School, kote DeShawn pral ale nan sezon otòn lan. Lè yo rele pou pran yon randevou avèk direktè lekòl la, sekretè a sijere pou prevwa ase tan pou vizite lakou lekòl la.

Aprè vizit yo, fanmi Griffins pale nan machin nan sou enpresyon yo genyen nan tèt yo pou lekòl la. Direktè lekòl la, Madam Sierra, te fè plizyè bagay yo te renmen. Li:

- Diskite sou angajman li pou fè si chak elèv gen menm opòtinite pou aprann nan klas edikasyon jeneral lekòl segondè yo.
- Yo te mande DeShawn ki bagay ki te ede li gen siksè nan Central Middle School.
- Envite fanmi Griffins pou reyini yon lòt fwa avèk pwofesè edikasyon espesyal pou revize Objektif IEP DeShawn yo epi diskite sou fason pou sipòte li nan tranzisyon li nan lekòl segondè.
- Ankouraje pwofesè edikasyon espesyal avèk jeneral pandan yo te travay ansanm pou yo anseye DeShawn avèk lòt elèv nan klas li yo.
- Diskite ki jan yo tout kapab travay ansanm pou simonte nouvo defi yo.

Fanmi Griffins te revize tou kèk nan bagay yo obsève pandan vizit yo nan lekòl la:

- Pwofesè yo fè referans ak elèv ki gen andikap yo jis tankou timoun ki fè "pati nan klas la". Anpil sal klas te gen de (2) pwofesè k ap travay ansanm nan yon bann fason.
- TOUT elèv te aprann ansanm epi travay sou pwojè yo nan ti gwoup.
- TOUT elèv yo te manje ansanm epi pale ansanm pandan aktivite manje midi yo.
- Te gen anpil afich nan alantou lakou lekòl la ki ankouraje elèv yo pou respekte youn ak lòt epi bay valè ak sa ki diferan.
- TOUT elèv te patisipe nan klèb yo.
- Yon pwogram Kamarad kòm Asosye nan Aprantisaj (Peers as Partners) te bay elèv ak andikap yo sipò nan sal klas edikasyon jeneral yo.

Fanmi Griffins te planifye yon reyinyon avèk pwofesè edikasyon eksepsyonèl la epi yo tout santi yo byen pou ane k ap vini an. DeShawn ap panse li ta kapab menm eseye jwe nan ekip jinyò baskètbòl ki nan inivèsite a.



Alò, kijan lekòl ki entegre yo ap travay pou fè si tout elèv yo ale epi reyisi ansanm? Gade epi pran sans siy sa yo:

Anviwònman lekòl

- Èske tout elèv ale nan lekòl ki nan katye yo?
- Èske yo itilize langaj premye pèsòn* nan tout lekòl la? (www.vsafi.org/archives-resources; Tiliv Moun Dabò an)
- Èske tout elèv vini epi ale an menm tan?
- Èske pifò elèv andikape yo nan anviwònman edikasyon jeneral a 80% oswa plis nan jounen an?
- Èske yo konsidere elèv ki gen andikap yo avan tout bagay tankou elèv edikasyon jeneral yo?
- Èske fasilité yo itilize pou elèv ki gen andikap yo fêt menm jan avèk sa ki disponib pou tout elèv edikasyon jeneral yo?
- Èske genyen yon sistèm pou sipòte konpòtman nan tout lakou lekòl la?
- Èske lekòl la fè plan epi kontinye mennen evènman avèk aktivite sansibilizasyon pou andikape yo?

Relasyon

- Èske lekòl la fokis sou relasyon pozitif sosyal pou tout elèv yo?
- Èske elèv yo rezoud pwoblèm epi aprann ansanm?
- Èske yo rekonèt tout elèv yo pou rekonpans avèk onè?
- Èske tout elèv yo resevwa sipò yo bezwen pou yo kapab fè siksè?
- Èske elèv ki gen andikap yo konsidere yo tankou tout manm kominote lekòl lan?
- Èske tout elèv yo jwi opòtinite pou swiv enterè yo epi fè plan pou avni yo?
- Èske tout elèv gen mwayen pou pale youn ak lòt nan manje midi, rekreyasyon, epi nan mitan klas yo?

Entegrasyon ann Aksyon

Lidèchip avèk Kolaborasyon

- Desizon sou kad pedagojik yo detèmine daprè bezwen endividiyèl elèv yo nan plas etikèt oswa sèvis ki disponib yo?
- Èske lekòl la gen yon moun ki responsab entegrasyon?
- Èske lekòl la itilize yon pwosesis planifikasyon entegran pandan l'ap planifye pou sipò yo?
 - Èske pwofesè nan pati edikasyon espesyal yo nan klas/depatman ekip yo?
 - Èske lekòl la itilize yon pwosesis pou rezoud pwoblèm pou egzamine pwogrè elèv lan?
- Èske fanmi yo fè pati moun k ap pran desizon yo?
- Èske fanmi yo akeyi epi bay kolaboratè lekòl yo valè?
- Èske fanmi bay resous pou aprann avèk sipò?
- Èske pèsonèl anplwaye lekòl la pasyone pou siksè TOUT elèv yo?
- Èske gen yon vizyon pataje responsabilite pou siksè tout elèv yo nan lekòl la?

Enstriksyon avèk Sipò nan klas yo

- Èske tout elèv gen aksè nan diferan kalite resous ki pèmèt yo jwenn aksè nan kourikoulòm lan?
- Èske tout pwofesè yo sèvi avèk yon bann estrateji (ti gwoup yo, diferans ki genyen, ko anseye, sipò kamarad yo) pou aprann tout elèv yo?
- Èske Estanda Florida gen baz enstriksyon pou tout elèv yo?
- Èske yo sèvi avèk Metòd Universal Design for Learning?
- Èske parapwofesyonèl yo gen yon plas enpòtan nan zafè sipò lekòl la?
- Èske sèvis yo gen sipò etid ladan avèk terapi pou elèv avèk andikap ki bay nan plizyè zòn?
- Èske pwofesè yo konprann diferans ant akomodasyon avèk modifikasyon yo?



Resous pou enfòmasyon

Pou Fanmi avèk timoun nan Laj Lekòl Preskolè:

www.ectacenter.org/families.asp

Pou Patisipasyon Fanmi nan Lekòl yo:


www.inclusiveschools.org/category/resources/family-involvement/

Pou Entegrasyon nan Kominote an:

www.ncd.gov/publications/2012/Sep272012/Ch13

Atik sou Entegrasyon ak Plis Ankò

www.parentcenterhub.org/inclusion/



Eskane kòd QR
la pou tcheke
lòt F.A.C.T. Folios
(Feyè F.A.C.T.) pou
jwenn plis detay
entegrasyon! sou
entegrasyon!

Kontakte Nou

Jwenn FIN ki pi prè ou an sou sit entènèt nou an:

www.FloridaInclusionNetwork.com

oswa rele gratis sou nimewo **1-888-232-0421**

Pwofesè a oswa direktè a di:	Mesaj ki montre anpil respè ou kapab pataje:
"Nou pa janm te gen yon timoun tankou ou nan lekòl nou an anvan."	Wi, sevre tout elèv yo inik nou konnen Susan ap bezwen asistans fizik espesyal pandan jounen lekòl la. Li te deja jwenn siksè nan anpil anviwònman avèk bon sipò. Nou pral byen travay avèk ekip edikasyon an pou nou jwenn enfòmasyon avèk èd yo bezwen pou aplike IEP li a.
"Nou pa gen yon pwogram entegrasyon isit la."	Juan te nan sal klas yo entegre depi nan klas matènèl epi li te fè yon gwo pwogrè. Nou pral travay tèt kole avèk ekip edikasyon an pou devlope yon pwogram pou Juan ki gen ladan sipò pou li avèk pwofesè li yo. Pwofesè li a lane dènyè deja ofri èd li.
"An Premye nou pral travay sou konpetans epi wè si pitit ou an pare pou entegrasyon."	Amy vrèman bezwen aprann konesans yo nan anviwònman kote li pral sèvi avèk yo, epi l ap gen avatanj pou li genyen yon bon modèl. Li kapab pa gen tout abilité lòt elèv yo genyen, men, avèk sipò, li kapab reyalize objektif enpòtan nan sal klas edikasyon jeneral la.
"Pitit ou an genyen konpòtman ki deranje sal klas la."	Nou konprann kijan konpòtman TuYen kapab gen fristrasyon. Men, nou te aprann lakay li lè TuYen kapab mande sa li vle avèk sa li bezwen, konpòtman li vin pi miyò. Nou pral travay avèk ou pou devlope yon plan amelyorasyon konpòtman pozitif ki pral amelyore kapasite kominikasyon li yo epi fè li jwenn mwens bagay k ap nwi li.